



ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL
General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA LANGUAGE
PAPER 1: Rondedzero neNzwisiso

4007/1

JUNE 2023 SESSION

Maawa maviri

Additional materials:
Answer paper

Nguva: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyorori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mubvunzo **mumwe chete muChikamu I** nemibvunzo yose **muChikamu II**.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa ne**ChiShona** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi () pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [] panoperera mubvunzo woga woga.

Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji mashanu nematatu asina kunyorwa chinhu.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, J2023.



CHIKAMU I: RONDEDZERO

Zvichakubatsira kuti upedze awa imwe chete pachikamu chino.

- 1 Sarudza musoro mumwe chete pane yese yakapiwa ugonyora rondedzero yemhando yawasarudza nemazwi ari pakati pe450 ne500 kana kusvitsa mapeji mana.
- (a) Nyora rondedzero inodudzira tsumo yokuti, "Rega zvipore akabva mukutsva." [50]
- (b) Vanasikana vanombunyikidzwa nekuroorwa vasati vabva zera nekuda kwezvikonzero zvakawanda zvavasina simba rekugadzirisa ivo pachavo. Unoti kudii nepfungwa iyi? [50]
- (c) Nyora tsamba kushamwari yako uchiiudza zvakanakira kuvandudzwa kwakaitwa dzidzo yemuZimbabwe. [50]
- (d) Nyora hurukuro pakati pevana vechikoro vaviri, mumwe ari kuti nzvimbo dzinoera ngadzirambe dzichiremekedzwa mumwe achiti hazvichina basa muupenyu hwanhasi. [50]
- (e) Nyora nyaya inotanga namashoko anoti, "Paakandiona mukombi umu, ziya rakatanga kuerera nemuviri wake wose." [50]
- (f) Semumwe anoshanda kubato rinoona nezvekuchengetedzwa kwenharaunda, nyora mashoko auchataura pachenjedzo iri kupiwa vana vechikoro pakuchengetedza nharaunda yavo. [50]
- (g) Kudya kune utano. [50]

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

Verenga ndima iyi ugopindura mibvunzo inotevera.

- 2 Monika akanga apihwa nhumbu nemukomana wake waaida Timoti, ivo amai vake vachida kuti aroorwe naMujubheki, tsvimborume yaive neupfumi kwazvo. Pavakaziva izvi, zvakavashungurudza mwoyo.

Amai vaMonika vakaona kuti kupopota hakuchavabatsiri nokuti mwana wavo akanga atonyangara. Chavakanga voda chete ndechokuti Mujubheki arege kuzviziva, vakadzi voruwadzano varege kuzviziva, nyika yose irege kuziva kuti ndizvo zvakaitika. Nokuda kwaizvozvo, havana kupopotera mwana wavo. Vakamubvunza, "Wava nemwedzi mingani?"

"Uno watiri ndowechina."

Havana chimwe chavakazobvunza zvakare. Vakabva vangoshaya havu nesimba rose.

"Chiri pamuchena chiri pamutenure," vakadaro nechomumwoyo. Vakatondera zvinhu zvakawanda chaizvo. Vakatondera kuchema kwakaita baba vavo gore ravadyirwa munda wavo nendongwe.

Waive munda iwoyo mumwe chete, uine zviyo zvaityisa. Vanhu vose vaingoti zviru apa hatisati tamboona zvakadaro. Wose aipfuura nenzira aitombomira kuti atarise. Ndongwe dzakauya umwe usiku, dzakararamo dzichifumoenda, asi dzakasiya dzageza munda wachena saparuwere. Baba vavo vakapedza mazuva maviri vasingadyi chinhu vachichema munda wavo. Mai vaMonika vakatondera kurwadziwa kwavakaitwa ivo mumwoyo mavo asi vakaziva kuti vakange vasina kurwadziwa kupinda kurwadziwa kwakaita baba vavo. Chete, zvavakanzwa zvakanga zvaitwa nomwana wavo zvakavarwadza kupinda zvakaita baba vavo pakadyiwa munda wavo nendongwe.

Misodzi inomboramba kuuya asi kana youya inoerera sorwizi. Mujubheki akaunza shoko rokuti imba yake yakanga yapera. Pavakazvinzwa mai vaMonika vakabaiwa mwoyo vakati, "Dai wakataura hako kare, zvino munhu angadai asina kuparadza mari yake nokuvaka imba isina anoigara." Vaitaura voga. Monika aive mubishi rokugadzirira vaeni vake. Mai vake vakaenda voga kundoona imba yaMujubheki.

"Ko vamwe vasara kupi?" Mujubheki akabvunza pakasvika vaChingweru.

"Vasara vachishanda."

"Dai mauya navoka, kubva hazvinei. Uyai muone imba yandinoda kuti azogara achiita basa rake rounesi kana rokusona." Mai vakatevera Mujubheki.

Pavakabva kwaMujubheki vaChingweru, amai vaMonika, vakanga vava neimwe pfungwa yakanga isati yambovashanyira muupenyu hwavo hwose. Vakanga vaona imba yainzi yaizogara mwana wavo, imba yavaizogara ivo dai mwana wavo akanga azoorwa naMujubheki. Vakanga vaona kunaka kwayo. Vakanga vaichiva, mwoyo wavo wakaramba kuti pave nomumwezve angaigara kunze kwaMonika. Pavakadzokera kumusha vakanga vava mumwe munhu.

4007/1 J2023

[Enda kuseri



Vakasvika kumba kwavo vakati kumwana wavo; "Wakati vaeni vako vanouya rini?"

"Vanouya noMugovera vachidzokera neSvondo."

"Zvino wakagadzirira zvose zvose here?"

"Hongu, ndakagadzirira."

"Zvakanaka. Uchatoendaka wonotenga shuga nezvakadaro zvokuvabikira tii."

"Handina mari."

"Ndinokupa. Handidi kuti vaende vachisvora kuti hapana chavakaisa mumukanwa." Monika akashama namazwi aya. Haana kuda kubvunza mai vake kuti vakanga vaonei. Haana kuda kubvunza kuti zvakanga zvaita sei asi zvakamushamisa. Akabva afara chaizvo. Mai vake vakati, "Kana wava kuenda usvike napaMujubheki uchiona imba yake."

"Zvakanakai, amai."

Mugovera wakasvika; vaeni vaMonika vakauya. Amai vomusikana vakaratidza kumwe kufara uko Monika akanga asati amboona. Pakaenda vakomana ava kwaive kufara chete.

Vachangoenda vakomana ava, Mujubheki akatenga rori Monika namai vake vakadeedzwa kuti vandorara kumusha kwaMujubheki vachifara. Akati achabika doro rokupemberera motokari nembera. Akati kuna vambuya vake, "Panongonaya baba VaMushayazano chete, tobva taronga zvomuchato." Mai nomwana havana kumupindura.

Musi mumweyo wakarara Monika namai vake kwaMujubheki, VaMushayazano baba vaMonika vakatiza muhosipitari. Vakanga voita sevaipenga. Tendai akazoti achisvika nezvokudya mangwanani, akasvikowana riri bararamhanya kutsvaga munhu. Iye akabva akumbira murungu wake kuti amboenda kundovatarisa kumusha asi akasvikowana zvichinzi vakanga vasina kusvika.

(Ndimba iyi yakanadzurudzwa kubva muna Makunun'unu Maodzamwoyo: Charles Mungoshi)

- (a) Ipa zita raamai vaMonika. [1]
- (b) Mai vaMonika vaidirei kuti mwana wavo aroorwe naMujubheki? [1]
- (c) Doma gadziriro mbiri dzakaitwa naMujubheki kuti azoroora Monika. [2]
- (d) Mujubheki anorevei paanoti, "Panongonaya baba chete tobva taronga zvomuchato?" [1]

- (e) Tsanangura zvirevo zvinotevera nemazwi ako sekushandiswa kwazvakaitwa mundima iyi.
- (i) atonyangara [2]
 - (ii) vakabaiwa mwoyo [2]
 - (iii) bararamhanya [2]
 - (iv) havana chavakaisa mumukanwa [2]
 - (v) dzasiya dzageza [2]
- (f) Izwi rokuti hwiza rakafanana neizwi ripi rinowanikwa mundima iyi? [1]
- (g) (i) "Mwoyo muti unomera paunoda." Ipa pfungwa inotsigira tsumo iyi kubva mune zviru mundima. [2]
- (ii) Buritsa pachena zvinorehwa nemunyori paanoti VaChingweru, "Pavakadzokera kumusha vaive vave mumwe munhu." [2]
- (h) Nyora pfupiso yenyaya iyi nemazwi ako asingadariki makumi mashanu. [10]